



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU YO FLOTE DRAPO YO A DEMI MA POU SÒLDA KI TE TONBE YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pase enstwiksyon jodi a pou drapo yo flote a demi-ma nan tout batiman gouvènman Eta yo apati demen 28 Jen, pou onore yon Trumansburg, Sòlda New York ki te mouri akòz blese li te sibi nan Pwovens Uruzgan, Afganistan nan dat 25 Jen. Li te gen laj 24 an.

"Nan non tout moun New York yo mwen voye senpati nou bay zanmi, fanmi ak sòlda konpayon Sèjan Johnston yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lanmò li se yon rapèl de sakrifis ke manm sèvis militè yo ap fè pou pwoteje libète ak valè ke eta sa a ak nasyon sa a te fonde sou yo."

Sèjan James G. Johnston te afekte nan 79yèm Batayon Ekipman Militè (Ordnance Battalion) (Retire Materyèl Militè Eksplozif yo), yon pati nan 71yèm Gwoup Materyèl Militè (Ordnance Group) nan Fort Hood, Texas. Sèjan Johnston te youn nan de sòlda ki te mouri akòz blesi ke yo te sibi de ti zam ki te tire pandan operasyon batay yo.

Gouvènè Cuomo te pase enstwiksyon pou drapo ki sou etablisman nan Eta New York yo flote a demi ma pou onore epi rann omaj a manm sèvis New York yo ke yo te touye nan konba oswa ki te mouri nan yon zòn konba.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)